



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKLERAJ MONIMAN ISTORIK YO POU MAKE  
JOUNEN ANSYEN MILITÈ YO.**

*12 moniman istorik ap limen pou sipòte Tout epòk sèvis militè yo*

*Premye kyòs ansyen militè yo enstale nan Sant Dakèy rejyon kapital la pou  
pataje resous ki bay enfòmasyon sou ansyen militè yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo ap limen an vè jounen jodi 11 novanm 2021 an, pou make Jounen Ansyen Militè a.

"Jounen ansyen militè a se moman pou montre apresyasyon nou pou moun brav sa yo ki te sèvi pou pwoteje demokrasi ak libète nou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap kontinye mennen nouvo inisyativ, tankou achèvman premye Kyòsk pou Ansyen Militè nan Welcome Center nan Rejyon Kapital la, pou asire ke ansyen militè nou yo ak fanmi yo gen sipò ak resous yo bezwen yo. Ekleraj jodi a reprezante soutyen inebranlab nou pou ansyen militè New York yo, k ap montre yo n ap kontinye kanpe bò kote yo ak fanmi yo chak jou."

Moniman istorik k ap limen an rekonesans Jounen Ansyen Militè a enkli:

- One World Trade Center
- Governor Mario M. Cuomo Bridge
- Kosciuszko Bridge
- H. Carl McCall SUNY Building
- State Education Building
- Alfred E. Smith State Office Building
- State Fairgrounds - Main Gate and Expo Center
- The "Franklin D. Roosevelt" Mid-Hudson Bridge

- Grand Central Terminal - Vyadik Pershing Square
- Albany International Airport Gateway
- Lake Placid Olympic Jumping Complex
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station

Ekleraj moniman istorik sa fè pati Operasyon Limyè Vè a, yon nouvo inisyativ eta a ak Asosyasyon Konte Eta NY la (NYS Association of Counties) Asosyasyon Ofisyè Sèvis Ansyen Militè Konte Eta NY la (NYS County Veteran Service Officers' Association) ak Asosyasyon Kad Egzekitif Konte Eta NY la (NYS County Executives' Association). Kanpay gen entansyon pou l yon reprezantasyon vizib sipò pou tout epòk sèvis militè yo sou fòm limyè vè. Limyè vè sa yo ap sèvi kòm yon baliz soutyen pou montre angajman san sès New York ak sila yo ki te sèvi yo.

**Prezidan Asosyasyon Ofisyè Sèvis Ansyen Militè Eta NY la, Jason Skinner (Ansyen Militè nan Lagè Irak la) te deklare,** "Mwen fyè de kominote mwen an ak moun ki te mete limyè nan tout eta a nan Konte Tioga, Elmira, Syracuse, Konte Monroe, epi kounye a nan Moniman Istorik Eta a ak lòt kote. Martha Sauerbrey, Stephen Acquario Esq, ak Marcus Molinaro, te vrèman egzanp k ap briye de gouvènans ak defans nan pi bon aspè yo. Inisyativ lokal ekstraòdinè sa gen sipò eta nou an. Nou pataje objektif komen pou onore sila ki sèvi yo. Mwen beni paske mwen gen sipò anpil moun epi kounye a, mwen ka konte yon lòt ankò. Mèsi Gouvènè Hochul. Mwen pa ka tann pou soutni efò kolaborasyon pou pi byen sèvi ansyen militè nou yo ansanm".

**Stephen J. Acquario, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta New York yo, te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li rejwenn konte atravè eta a pou fè yon limyè briye sou sèvis ak sakrifis ansyen militè nou yo epi pou angajman li pou asire ke ansyen militè yo resevwa benefis ak sipò ke yo genyen. Operasyon Limyè Vè a bay moun, biznis ak lidè gouvènè yon fason pou rive jwenn epi fè yon manm nan kominote ansyen militè a konnen ke nou ansanm avèk yo epi nou apresye yo tout sa yo fè pou pwoteje peyi nou an ak mòd de vi nou an. Pou jounen Ansyen Militè sa ak pi devan, nou ankouraje chak moun pou rejwenn nou nan afiche yon limyè vè lespwa ak sipò pou gason ak fanm ki te riske tout bagay pou koz libète."

**Marcus J. Molinaro, Prezidan Asosyasyon Kad Egzekitif Eta NY,** "Nou p ap janm ka peye nèt ewo Ameriken sa yo pou sèvis ak sakrifis yo men nou ka fè pi byen pou yo. Ansanm, nou fè yonj limyè lespwa ak apresyasyon briye pou sila yo ki te sèvi yon peyi ki rekonesan - pandan n ap mete aksan sou sèvis ak resous ke Konte yo atravè New York bay ansyen militè nou yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li rejwenn konte New York yo, limen bilding ak estrikti yo an vèt, ki fè New York yon flabo limyè ki ini pou raple nou devwa nou pou sèvi pi byen ansyen militè nou yo, koute yo, aprann de yo epi remèsye yo."

Gouvènè Hochul te anonse tou enstalasyon premye Kyòsk Sant Dakèy Veteran eta a nan Welcome Center a nan Rejyon Kapital la nan New Baltimore. Nouvo kyòsk la ap bay enfòmasyon ki espesyalize ak asistans epi l ap sèvi kòm yon pòtay pou ansyen militè yo aprann sou pwogram ak sèvis ke yo ka kalifye pou yo. Kyòsk ki fèk konstui a ap ranfòse konsyantizasyon sou òf lokal, eta, ak federal pou ansyen militè yo ak fanmi yo.

**Direktè Egzekitif Adjwen DVS, Joel Evans te deklare,** "Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul ki kreye premye kyòsk enfòmasyon nan Eta New York. Platfòm sa bay yon opòtinite enpòtan pou prezante veteran yo enfòmasyon ki aksesib sou benefis yo genyen nan sèvis a eta nou an ak peyi a. DVS ak patnè li yo enpasyon pou itilize kyòsk sa pou konekte epi ede plis ansyen militè New York ak fanmi yo."

Omwen 60 benefis inik eta a ap disponib aktyèlman pou ansyen militè yo, manm sèvis yo ak fanmi yo. Benefis sa yo enkli benefis edikatif, ak aksè an priorite pou asistans pou travay, pou gen aksè nan sèvis ki lye ak konpansasyon pou enfimite, ak plis toujou. Kyòs la ofri yon fason ki efikas epi konpreyansib pou aprann plis sou pwogram sa yo pandan l ap bay yon fason pou ajans eta yo fè swivi ak ansyen militè yo epi asire ke yo resevwa tout benefis ke yo te ganye pandan sèvis militè yo.

Plis pase 714,000 veteran ak fanmi yo rele Eta New York State lakay yo, ak apeprè 64,000 ki abite nan konte Albany, Columbia, Greene, Saratoga, Schenectady, Rensselaer, Warren, ak Washington. Sant Dakèy Rejyon Kapital la resevwa apeprè 500,000 vizitè chak ane epi li se yon kote ki sekirize, ki fasil pou gen aksè pou vwayajè ki bay yon plas ideyal pou premye Kyòsk pou Ansyen Militè Eta New York la.

Nan patenarya pou inisyativ sa, Depatman Travay la (Department of Labor, DOL) ap envite ansyen militè yo patisipe nan sant karyè vityèl li a. Lè sèvis sou plas yo te fèmen an 2020 an, DOL te kòmanse ofri imedyatman yon seri sèvis sant karyè vityèl. Jodi a, yo ka envite konsomatè yo nan Sant Karyè Vityèl la, ki itilize teknoloji avanse, ki ankadre pa entelijans atifisyèl solid, pou bay pis travay ki koresponn pèfòmans ak eksperyans moun k ap chèche travay.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Nou gen dèt pou ansyen militè yo pou lavi paske yo sèvi peyi nou an nan moman bezwen. Depatman Travay Eta New York la bay tout Nouyòkè ki p ap travay, ki enkli ansyen militè yo, sèvis ak sipò pou fè objektif karyè yo vin tounen reyelite. Kyòs dijital sa fè pati angajman kontini New York pou asire ke ewo nou yo kapab gen aksè nan chak resous ki disponib pou yo."

Pou plis enfòmasyon sou benefis ansyen militè yo, tanpri pran yon randevou ak yon Konseye sou Benefis Ansyen Militè nan Divizyon Sèvis Veteran Eta New York (New York State Division of Veterans' Services) nan 888-838-7697 oswa sou [sitwèbyo](#) a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)